

Sentòm Eksplwatasyon Finanse

Granmoun aje oswa adilt ki andikape ka viktim eksplwatasyon finansye:

- ◆ Yo viktim neglijan oswa yo pa resevwa ase swen, selon bezwen yo oswa kantite lajan yo posede.
- ◆ Yo izole avèk lòt manm fanmi oswa yo pa jwenn sipò.
- ◆ Yo akonpaye avèk yon etranje k ap ankouraje yo pou pran yon gwo kantite lajan nan labank.
- ◆ Yo akonpaye avèk yon manm fanmi oswa avèk yon lòt moun ki sanble ap fè presyon sou yo pou yo fè tranzaksyon.
- ◆ Yo pa gen pèmision pou pale oswa pou pran desizyon poukont yo.
- ◆ Avèk yon moun li konnen ki twò enterese nan zafè lajan li.
- ◆ Li enève oswa pè moun ki akonpaye li.
- ◆ Ap bay eksplikasyon ki pa sèten sou sa l ap fè avèk lajan yo.
- ◆ Li konsène oswa li gen konfizyon sou “lajan ki pèdi” nan kont li.
- ◆ Li pa kapab sonje tranzaksyon finansye li oswa li pa kapab siyen dokiman administratif.
- ◆ Li pè pou yo pa degèpi li oswa pou yo pa mete li nan yon enstitisyon espesyalize li pa bay yon moun k ap pran swen li an lajan an.

Aktivite Tranzaksyon ki Sispèk nan Labank

- ◆ Kantite aktivite labank ki pa regilye.
- ◆ Chanjman kont souvan ant yon filyal/bank ak yon lòt.
- ◆ Chanjman nan fason yo pran lajan labank, oswa gwo kantite lajan yo pa abitye pran.
- ◆ Gwo kantite lajan yo pran oswa transfere nan kont komen yo fèk louvri.
- ◆ Aktivite labank ki pa konsistan avèk abitud regilye kliyan.
- ◆ Gwo kantite lajan yo pran nan kont ki pa aktif oswa nan kont epay.
- ◆ Retrè lajan souvan ki fèt nan ATM yo, sitou si granmoun aje a frajil sou plan fizik epi si li pa t itilize ATM anvan.
- ◆ Peman lwaye oswa sèvis piblik souvan avèk chèk ki sispann toudenkou.
- ◆ Konfyans benefisyè ki estab ak senp anile.
- ◆ Pwovizyon distribisyon chanje pou mande peman pou twazyèm pati.
- ◆ Siyati sispèk sou chèk oswa sou lòt dokiman, tankou aplikasyon pou kat kredi.
- ◆ Siyati a sanble imitasyon.
- ◆ Siyati a sanble kòrèk men kantite lajan an ekri nan yon diferan ekriti alamen.
- ◆ Itilizasyon diferan plis oswa lank ka endike gen yon bagay ki pa bon.
- ◆ Ogmantasyon toudenkou nan dèt k ap fèt lè granmoun aje a sanble pa menm konnen tranzaksyon yo.
- ◆ Lajan ki prete labank oswa yon dezyèm prè ipotekè ki fèt.
- ◆ Gwo dèt nan kat kredi oswa nan kredi rezèv.
- ◆ Yon fidisyè oswa yon lòt moun k ap jere zafè adilt, pran lajan san avantaj pou adilt la.
- ◆ Etadkont labank ak chèk anile pa ale lakay kliyan an ankò. (Verifye se si se sa kliyan an vle.)
- ◆ Rezon ki pa sanble vrè pou granmoun aje a oswa adilt andikape a oswa moun ki akonpaye li a bay aktivite labank yo.

 New York State
Office of
Children & Family
Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Konekte sou entènèt nan sitwèb:
ocfs.ny.gov

Pou rapòte abi oswa move tretman sou timoun, rele:

800.342.3720

Pou enfòmasyon sou Lwa sou Pwoteksyon Tibebe yo Abandone, rele:

866.505.SAFE (7233)

Pou enfòmasyon sou sekirite timoun ak adilt, swen nan kay plasman, ak adopsyon, rele:

800.345.KIDS (5437)

Pou enfòmasyon sou sèvis pou moun ki avèg, rele:

866.871.3000

866.871.6000 TDD

Pou nimewo telefòn biwo sèvis adilt ki nan konte

kote w ap viv la, rele:

800.342.3009

(Peze Nimewo 6)

“...ap ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun nou yo, fanmi nou yo, ak kominote nou yo. ...”

Eta New York




Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib an gwo lèt oswa sou bann mayetik odyo sou demann.

Pub. 4664 (Rep. 07/2012)

 Biwo Sèvis Timoun
ak Fanmi
Eta New York

Eksplwatasyon Finansye Granmoun Aje ak Adilt



PSA
Protective Services for Adults

Entwodiksyon



Eksplwatasyon finansye granmoun aje ak lòt adilt andikape fèt nan yon ritm ki pa t janm ogmante konsa anvan. Eksplwatasyon finansye defini nan Seksyon 473.6 Lwa sou Sèvis Sosyal kòm: *lè yon moun itilize lajan, byen oswa resous yon granmoun yon fason abizif, tankou men pa sèlman, pou fè fwod, fo pretansyon, detounman lajan, konspirasyon, kontrefason, falsifye dosye, transfè byen sou presyon oswa refize granmoun nan pou jwenn resous li.*

Nan anpil ka, eksplwatè a se yon manm fanmi oswa yon moun viktim nan konnen. Granmoun aje a ka viktim tou nan abi moun k ap bay li swen oswa lòt fidisyè li fè konfyans tankou avoka oswa ajan chanj. Moun ki fè fwod yo se moun etranje okòmansman men ki eseye vin gen yon relasyon k ap kontinye avèk granmoun aje frajil la oswa avèk adilt andikape a pou li ka eksplwate yo pidevan.

Kisa ki Kapab Fèt?

Depatman sèvis sosyal lokal yo, avèk pwogram Sèvis Pwoteksyon pou Adilt (PSA) yo, ap mennen ankèt sou rekòmandasyon eksplwatasyon adilt andikape yo sispèk, ki gen laj 18 tan ak plis, k ap viv nan kominote a. Plis pase 60 pousan kliyan PSA yo ki jwenn sèvis nan Eta New York gen plis pase laj 60 tan.

PSA ap evalye sitiyasyon an epi l ap fè aranjman pou sèvis ki nesèsè yo. Si yo sispèk yon krim, yon fè yon rekòmandasyon ba lapolis. Si PSA resevwa yon rekòmandasyon pou yon adilt ki andikape, PSA ap ede moun nan lè li konekte li avèk sèvis kominotè apwopriye oswa avèk yon lòt ajans tankou Biwo pou Granmoun Aje.

Pou enfòmasyon sou fason pou pwoteje granmoun aje ak adilt frajil yo oswa pou fè yon rekòmandasyon konsènan eksplwatasyon finansye ou sispèk, kontakte Sèvis Pwoteksyon pou Adilt nan departman sèvis sosyal konte a, oswa nan si ou Vil New York, kontakte Administrasyon Resous Imèn (HRA), Rekòmandasyon Admisyon Santral nan nimewo 212.630.1853.

Fason pou Rekòmande Ka Sispèk yo

Nenpòt moun ki vin konsène pou yon granmoun aje oswa yon adilt andikape ki viktim eksplwatasyon ta dwe rele PSA nan departman sèvis sosyal lokal la.

Seksyon 473-b Lwa sou Sèvis Sosyal bay iminite nan responsablite sivil pou nenpòt moun ki, avèk bon volonte li, rekòmande yon adilt li kwè ki ka bezwen sèvis pwoteksyon.

PSA ap kòmanse yon ankèt san pèdi tan, epi y ap vizite adilt yo rekòmande a anvan 3 jou ouvrab. Y ap fè yon evalyasyon konsènan andikap adilt la, risk li genyen pou viktim abi, volonte li pou aksepte èd, epi mwayen lòt moun pou bay èd nan pwoteje moun nan. Plizyè kalite sèvis ak entèvansyon disponib, selon sikonstans ki nan chak ka.

Kijan Anplwaye Labank Kapab Ede?

Anplwaye labank yo nan yon bon pozisyon pou konnen bonè lè granmoun aje ak adilt andikape yo viktim abi nan zafè lajan. Anplwaye labank ki gen kontak avèk kliyan yo wè sitiyasyon yo ap devlope souvan kote yo kwè kliyan an nan risk. Yon anplwaye bezwen konnen konpòtman sispèk oswa aktivite labank sispèk ki ka endike lè gen yon abi finansye. Bank yo kapab ede pwoteje kliyan yo lè yo mete yon pwotokòl anplas pou anplwaye yo idantifye ak rapòte eksplwatasyon finansye yo sispèk k ap fèt sou granmoun aje oswa sou adilt andikape yo ba yon manadjè ki la nan bank lan. Manadjè a ap deside si gen ase rezon pou fè yon rekòmandasyon ba PSA, nan yon ijans, ba lapolis.

PSA ap fè yon evalyasyon, epi li ka bezwen jwenn dosye bank ki konsène moun yo rekòmande a pou sèvis yo. Lè li posib, y ap jwenn yon fòm divilgasyon enfòmasyon nan men kliyan an. Men, si sa pa posib, lè sa a PSA ap mande dosye bank lan dapre Seksyon 144-a Lwa sou Sèvis Sosyal. Seksyon 144-a Lwa sou Sèvis Sosyal egzije labank/enstitisyon finansye yo pou yo bay sèten enfòmasyon pou ofisyèl sèvis sosyal yo. PSA ap itilize enfòmasyon sa yo ak lòt enfòmasyon yo pran nan entèvyou a pou detèmine si te gen eksplwatasyon oswa pou kreye lan pou rezoud pwoblèm ki idantifye yo.